Pou Piblikasyon Imedya: 13/08/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PWOKIRÈ JENERAL JAMES AK DEPATMAN SÈVIS FINANSYE A AP GARANTI SÈVIS WESTERN UNION NAN TOUT NOUYÒK

Western Union pral kenbe lye magazen yo epi plafone ogmantasyon frè yo pandan twa zan apre li fin achte Intermex pou asire ke Nouyòkè yo kontinye gen aksè a sèvis transfè lajan yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services, DFS) a, an patenarya ak Biwo Pwokirè Jeneral Eta Nouyòk la, te garanti angajman nan men The Western Union Company (Western Union) pou kenbe sèvis li yo pou kominote yo nan tout Nouyòk apre yo fin achte International Money Express, Inc. (Intermex). Apre Depatman Sèvis Finansye (DFS) Eta Nouyòk la te apwouve akizisyon Intermex pa Western Union, Western Union pral asire disponiblite ak pri ki jis pou sèvis finansye esansyèl yo nan Nouyòk. Western Union dwe kenbe lokal li yo nan tout eta a, kontinye ofri sèvis transfè lajan, epi plafone ogmantasyon frè yo pandan twa zan apre li fin achte Intermex, pou asire ke Nouyòkè yo ap kontinye gen aksè fyab ak sèvis li yo.

"Chak Nouyòkè merite aksè fyab ak abòdab a sèvis finansye yo konte sou yo pou sipòte fanmi yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan Western Union ap kontinye ak akizisyon sa a, administrasyon mwen an ap asire ke sèvis transfè lajan esansyèl yo ap rete disponib nan kominote yo atravè eta a tout pandan y ap pwoteje konsomatè yo kont ogmantasyon frè ki pa jis. Mwen remèsye Pwokirè Jeneral James pou patenarya li nan aplikasyon akò enpòtan sa a pou Nouyòkè yo."

Pwokirè Jeneral Nouyòk la, Letitia James te deklare, "Nouyòkè yo konte sou Western Union pou sipòte fanmi yo epi voye lajan bay moun yo renmen atravè lemond. N ap pran mezi pou asire ke fizyon sa a pa menase sèvis transfè lajan ke fanmi k ap travay yo bezwen. Mwen remèsye Gouvènè Hochul ak Sirentandan pa entèrim Asrow pou travay yo pou garanti plan sa a pou kenbe Western Union abòdab epi disponib pou kominote yo nan tout Nouyòk."

Sirentandan Pwovizwa Depatman Sèvis Finansye Eta Nouyòk la, Kaitlin Asrow, te deklare, "DFS konsantre sou pwoteje disponiblite sèvis finansye abòdab ak aksesib pou tout Nouyòkè yo. Angajman ki te jwenn an patenarya ak Biwo Pwokirè Jeneral la fè travay sa a avanse lè li asire ke Nouyòkè yo gen menm aksè ak sèvis transfè lajan esansyèl yo apre akizisyon Intermex la."

Western Union se yon konpayi sèvis finansye miltinasyonal ki pèmèt kliyan li yo voye lajan nan plis pase 200 peyi ak teritwa atravè sit entènèt li yo ak aplikasyon li yo, oubyen nan nenpòt nan anviwon 3,000 ajan li yo ki gen lisans nan tout Nouyòk. Intermex sèvi plis pase 6,000 konsomatè nan Nouyòk chak ane, sa ki pèmèt yo voye lajan nan plis pase 60 peyi atravè aplikasyon sou entènèt li yo ak kote li gen lisans pou vann an detay, tankou branch nan Bronx, Brooklyn, Manhattan, Queens, Konte Westchester ak nan Long Island. Intermex konsantre sou sèvis transfè lajan pou Amerik Latin nan ak Karayib la. Apre li fin achte Intermex, Western Union pral kontwole yon pati enpòtan nan lajan kliyan Nouyòk yo voye bay sis peyi: Ekwatè, Gwatemala, Ondiras, Meksik, Nikaragwa ak Perou.

Nan kad akò avèk DFS ansanm ak Biwo Pwokirè Jeneral (Office of the Attorney General, OAG) la, Western Union pa gen dwa sèvi ak akizisyon Intermex li fè a pou diminye sèvis ki disponib pou konsomatè Nouyòkè ki voye lajan nan sis peyi sa yo pandan twa zan. Lokal Intermex yo ap rete ouvè epi y ap chanje pou adopte mak Western Union lan. Espesyalman, Western Union dwe pran mezi sa yo:

- Kenbe omwen menm prezans fizik la nan kòd postal kote lokal Intermex yo ap opere nan moman akizisyon an;
- Ofri sèvis transfè lajan an detay pou kliyan Nouyòk nan Ekwatè, Gwatemala, Ondiras, Meksik, Nikaragwa ak Perou nan chak nan kote sa yo; epi
- Limite ogmantasyon pri sou sèvis an detay sèlman pou sa yo ki kenbe vitès ak enflasyon an.

Western Union ap bay DFS rapò tou pandan twa zan ki gen ladan:

- Yon lis sèvis ke yo te sispann nan magazen an detay yo ak rezon pou yo te sispann sèvis la;
- Tout kominikasyon kliyan konsènan disponiblite sèvis ak pri; epi
- Chif ak kantite sèvis transfè lajan an detay ak dijital nan chak kote pa metòd ak peyi destinasyon, ansanm ak barèm frè pou sèvis sa yo.

Western Union dwe peye tou pou yon oditè endepandan, apwouve pa DFS, pou fè yon odit yon ane apre akizisyon an pou asire konfòmite avèk kondisyon akò a. Antanke regilatè li a, DFS ap kontinye sipèvize konduit Western Union, ki gen ladan konfòmite li avèk akò a. OAG a ap kapab pran mezi pou fè respekte lalwa oswa pwolonje kondisyon akò a si yo jwenn Western Union vyole kondisyon li yo.

###

Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU

Pou dezabòne nan gwoup sa a epi sispann resevwa imèl ki soti ladan, voye yon imèl bay press.release+unsubscribe@exec.ny.gov.